

## Wout State Road (SR) 25/NW 36 Street soti nan NW 27 Avenue rive NW 22 Avenue

No. Identifikasyon pwojè a: 451168-1-52-01

### FDOT COMPASS

FDOT pran angajman pou li asire enfrastrikti Eta a sèvi rezidan, biznis, ak vizitè pou reponn a bezwen yo genyen nan kesyon transpò kounye a epi pi devan. Men avantaj pwojè sa a :



### KOMINOTE YO

- Amelyore drenaj nan tout limit pwojè a pou redui problèm inondasyon nan zòn nan a

### SEKIRITE

- Y ap fè amelyorasyon sa yo pou ede jere dlo lapli, pou anpeche inondasyon ak aksidan dlo desann lakòz pou rann zòn pwojè a pi an sekirite pou pyeton ak chofè machin:
  - Enstale 10 nouveau enstalasyon drenaj
  - Modènize kat enstalasyon drenaj
  - Enstale plis pase 1,000 pye nouveau drenaj dlo lapli
  - Reyasalte wout la epi retrase liy ki atè sou wout ki nan limit pwojè a

### REZIYLANSE

- Amelyore drenaj nan zòn nan pou evite problèm nan sistèm nan pi devan epi amelyore eta wout la jan li ye kounye a
- Reyasalte wout la epi retrase liy atè yo pou prezève dire tan sèvis wout la

### CHÈN EKIPMAN

- Amelyore drenaj nan limit pwojè a pou eliminate blokis ak problèm aksè ki mache ak inondasyon epi asire sikilasyon an mache byen

### DEVELOPMAN MENDÈV

- FDOT pran kontraktè lokal pou travay pou pote avantaj ekonomik pozitif nan kominote a

### TOUJOU KONSIDERE PWOTEKSYON MOUN AN PREMYE

Pou pwoteksyon w ak pwoteksyon lòt moun, tanpri pran prekosyon lè w ap kondui machin, lè w ap mache oswa lè w ap pase sou bekàn nan zòn konstriksyon yo. Pou dènye nouvèl sou sikilasyon an, al sou: [www.fl511.com](http://www.fl511.com).

### MEN SA NOU DWE ATANN

Y ap fè travay yo moso pa moso pou konstriksyon an pa twò deranje moun nan zòn nan. Pòsyon wout y ap fèmen yo ka gen efè sou sikilasyon an nan lè ki pa gen anpil trafik yo. Mèt biznis ak moun ki rete nan zòn chantye a dwe atann y ap chanje wout la bò nan zòn kote travay la pral fèt la. Y ap eliminate kote pou moun estasyone bò lari a tanporèman kote y ap travay la. Y ap kite wout pou moun antre nan kote ki fè fas ak kote y ap fè travay la. Y ap afiche byen klè tout lòt wout pou machin pase.

### KALANDRIYE

Me 2024 - Fen 2024

### ESTIMASYON PRI PWOJÈ A

1.4 milyon dola

### KOTE YO PRAL FÈ PWOJÈ A

City of Miami  
Miami-Dade County

Avi: Sa posib yo kab chanje dat yo.

### ENFÒMASYON SOU LIY TRAFIK

#### YO PRAL FÈMEN

Y ap fè travay yo moso pa moso pou konstriksyon an pa twò deranje moun nan zòn nan. Yo kab fèmen wout la nan lè sa yo :

- 9 è p.m. a 5 è 30 a.m., Dimanch - Jedi
- 9 è a.m. a 3 è 30 p.m., Lendi - Dimanch

Y ap kite kote pou moun pase antre nan biznis epi lakay yo. Chak semenn y ap afiche kote y ap fè travay yo sou sit entènèt biwo transpò a,

[www.southflroads.com](http://www.southflroads.com).



### KONTAK

FDOT Konsilan Espesyalis Sensibilisation Kominotè  
Miranda Brito | [Miranda.Brito@dot.state.fl.us](mailto:Miranda.Brito@dot.state.fl.us) | 786-774-9714

SWIV NOU MyFDOT\_Miami

MyFDOTMiami

### SOUTHFLROADS.COM

Eskane Kòd QR sa a pou dènye nouvèl.

